

Kuzvibata





Baba vako Vekudenga vanokuda uye vanoda kuti uve unofara nhasi uye nokusingaperi. Vakapa rairo nemirairo yekukubatsira kuburikidza nevaporofita Vavo. Mumwe murairo unova wakakoshesa kurunyararo nerufaro rwako murairo Wavo pamusoro peutsvene hwekusangana pabonde, hunozivikanwa semutemo wekuzvibata. Ishe vakamisa mutemo uyu kubva pakutanga, uye Vakasimbisira kukosha kwawo kune muPorofita Joseph Smith sechikamu cheKudzorerwa kwevhangeri raJesu Kristu. Kuteerera kumurairo uyu ifanirwa yerubhabhatidzo muChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira.

Mutemo weKuzvibata chii?

Kusangana pabonde pakati pemurume nemukadzi chikamu chakanaka uye chinoera chechirongwa chaMwari chevana Vavo.


Mutemo wekuzvibata unoda kuti kusangana pabonde kuchengeterwe mumuchato pakati pemurume nemukadzi.

Chiratidzo cherudo mumuchato uye chinobvumira murume nemukadzi kuti vatore chinhano mukusika upenyu. Mwari vakaraira kuti simba rinoera iri rive rinoratidzwa chete pakati pemurume nemukadzi vakachata zviripamutemo.

Mutemo wekuzvibata ndewe vese varume nevakadzi. Unosanganisira kuzvipira zvakasimba kusasangana pabonde usati wachata uye kutendeka kuzere nekuvimbika kumurume kana mukadzi wako mushure mekuchata.

Pamusoro pekuchengetera kusangana pabonde mumuchato, tinoteerera mutemo wekuzvibata nekudzora pfungwa dzedu, mazwi edu, nezviito zvedu. Jesu Kristu akadzidzisa kuti, “Makanzwa kuti zvakanzi neavo venguva yakare, Usaita upombwe: asi ini ndinoti kwamuri, Mumwe nomumwe anotarisa mukadzi achimuchiva watoita upombwe naye mumwoyo make” (Mateo 5:27–28).





Sei Ndichifanira Kuchengeta Mutemo weKuzvibata?

Baba vako Vekudenga vakapa mutemo wekuzvibata kuitira kukudzivirira nekukuropfadza. Sezvinhu zvose zvinoera, kusangana pabonde kunofanira kuratidzwa maererano nenhungamiro yaMwari.

Apo paunochengeta mutemo wekuzvibata, unozova nerufaro, runyararo, nekuzviremekedza. Unozova nekutendeka nekuvimbika muhukama hwako hwemumhuri, uye unozoropafadzwa nesimba rekuzvidzora. Unozova nemaropafadzo evhangeri raJesu Kristu kuburikidza nefemero yeMweya Mutsvene.

Satani anotungamirira vanhu kuti vatende kuti kusangana pabonde kunze kwemumuchato kunobvumirwa kunyange kuti kunodikanwa. Asi chivi chakaipa zvakakomba; Mwari vakagara vachidzidzisa vana Vavo kuti vave vakarurama uye vazvibate (ona Eksodo 20:14 uye Aruma 39:3–5). Musimbotti uyu ndewe kwekusingaperi.

Apo paunorarama mutemo wekuzvibata, unozo:

- *Koka Mweya Mutsvene muupenyu hwako.*
- *Kudziridza kuzviremekedza kukuru apo paunoshandisa simba rekuzvidzora.*
- *Va neruvimbo rukuru muhukama hwako nevamwe.*
- *Kura murudo rweavo vakakukomberedza.*

Kutyora mutemo wekuzvibata kushandisa zvisirizvo simba rakapiwa naMwari rekusika upenyu; zvinoratidza kushaya hanya Navo nevana Vavo. Kunoderedza mamiriro ezvemweya uye kazhinji kunotungamirira kuruvengo, rusuwo, kurambana, chirwere, nekubviswa kwenhumbu. Avo vanotyora mutemo uyu vano zvizarurira kukuruzira kukuru kwaSatani. Chivi ichi chinotambudzawo zvakanakamba kwazvo nhengo dzemhuri nevamwe.

*“Murege hunhu
hushongedze pfungwa
dzenyu zvisingaperi:
zvino ruvimbo rwenyu
rwuchasimba pamberi
paMwari.”*

D&Z 121:45

Ndinochengeta Sei Mutemo weKuzvibata?

Mwari vanoda mwero wepamusoro wehunhu hwevana Vavo. Kuti uchengete mutemo wekuzvibata, unofanira kubvisa pfungwa, mazwi, nezviito zvisingadikanwe, uchiisa izvo zvakanaka. Misimbati inotevera inozobatsira:

Pfungwa dzakanaka uye dzinovaka dzinozobvisa idzo dzakaipa kana dzisina hunhu kubva muupenyu hwako.

Apo paunozadza upenyu hwako nepfungwa nezviitwa zvakanaka, unozokura mukwaniso yako yekubvisa nekukunda pfungwa dzakaipa. Kuverenga magwaro matsvene, kushandira mhuri yako, kushanda zvine ushingi, uye kuita zviitwa zvekuzvifadza zvakanaka zvinozokubatsira kudzora pfungwa dzako.





Dzivirira kuona marudzi ose ezvinotsanangura kana kuratidza vanhu vasina kupfeka kana zvekusangana kwepabonde. Zvinojairirwa zvekusazokwanisa kuregedza kuda kuzviona uye zvinoparadza. Zvinokutorera kuzviremekedza kwako uye nerufaro rwaunowana apo paunoono zvinhu zvakanaka zveupenyu. Usabvumira pfungwa yako kuti igare iri pakufunga zvinonyadzisa kana zvisina hunhu hwakanaka kana pamifananidzo yakaipa. Usatarisa, kuverenga, kana kuteerera kune chimwe chinhu chinoratidza kana kutsanangura nenziira isina rukudzo muviri wemunhu kana maitirwo ekusangana pabonde. Dzivirira kutarisa vamwe nepfungwa dzine ruchiva, uye dzivirira kuona mafirimu, terevhizheni, nzvimbo dzepaindaneti, mimhanzi, mabhuku, mamagazini, nezviitwa zvinoita kuti ufunge nezvekusangana pabonde.

Ita kuti mazwi ako avake vamwe uye avasimbise.

Bvisa muhurukuro dzako mazwi, zvinosekesa nemisoro yenyaya izvo zvinoshoresa, zvinonyadzisira uye zvinotsanangura nemazvo kusangana kwepabonde.

Zviito. Gara uchibata vamwe nerukudzo. Iva wakadzikama mumapfekero aunaita. Kana ukayeuka kuti munhu wega wega mwana waMwari, uye kana ukaita zvose zvaunokwanisa kubatsira vamwe kuti vatevere chirongwa Chavo, zvino unozosimbiswa muchido chako chekuchengeta mutemo wekuzvibata.

Sarudza iyezvino kuti hauzoita chimwe chinhu kunze kwemuchato chekumutsa manzwiwo akasimba ayo anofanira kuratidzwa chete mumuchato. Usamutse mazwiwo iwayo munemunwe munhu kana mauri iwe. Usatore chinhanu muzviitwa zvehungochani kana zvimwe zviitwa zvisina hunhu hwakanaka. Bvisa zviitwaizvo zvingangokukwezva kuti utyore mutemo wekuzvibata uye panzvimbo pazvo woita zviitwa nezvinhu zvokutandara zvinovaka. Mumuchato, rambawakatendeka zvizere kumurume kana mukadzi wako mukufunga nemuchiito.

Nokuti kurarama mutemo wekuzvibata kunozokuunza padyo nekuna Mwari, Satani anozokukwezva kuti utyore murairo uyu. Anoziva apo paunenge wakasurukirwa, uchidzimaizwa, kana wakasuwa, uye anozokukwezva apo paunenge usina kusimba. Namatira rubatsiro kuna Baba vako Vekudenga, uye Vanozokupa simba rekukunda chinokwezva (ona 1 VaKorinte 10:13). Apo paunovimba Navo uye uchitevera misimboti iyi, unozokwanisa kukunda chinokwezva.

Maropafadzo eKurarama Mutemo weKuzvibata

Apo paunorarama mutemo wekuzvibata, unozova wakakodzera zvakanyanya kufemero yeMweya Mutsvene. Nenhungamiro yeMweya Mutsvene, unozokudziridza ungaru hukuru, unozotarisa matambudziko neushingi hukuru, unozonzwa



Zvisinei

*nezvawakaita kare,
maropafadzo makuru
aripo kwauri kana
ukatanga iyezvino
kurarama mutemo
wekuzvibata.*

tsigiro nenhungamiro yaMwari muupenyu hwako, uye ugova muenzaniso kumhuri yako nevamwe. Rudo rwauinarwo kumurume kana mukadzi wako nevadikanwi vako rwunozova rwakadzama, rwuzere, uye rwunokosha zvikuru. Unozonzwa runyararo rwepfungwa rwakakura zvakanyanya.

Mumagwaro matsvene tinodzidza kuti rufaro rwechokwadi rwunouya kubva pakuteerera mirairo yaMwari (ona Mosaya 2:41) uye kuti “kuiipa hakuna kumbove kufara” (Aruma 41:10).

Kana wakatyora mutemo wekuzvibata, Mwari vakaita kuti zvikwanisike kwauri kuti utendeuke uye ugova wakachena zvakare. Tendeuka iyezvino kune zvipi zvazvo zvitadzo zvakare, ugozvipira kurarama mutemo uyu unoera. Kuburikidza nerudzikinuro rwaJesu Kristu uye nerutendeuko rwechokwadi, unokwanisa kuregererwa ugonzwa runyararo.

Zvimwe Zvekudzidza

Mibvunzo nezvinyorwa zvitsvene zvinotevera zvinozokubatsira kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro pemisimboti iri muchibhuku chino. Zvinyorwa zvinotsanangura zvepazasi nemajerero zviriri mumagwaro matsvene zvichakutungamirira kune dzimwe ndima nemamwe mabhuku zvinotaura pamusoro pemisimboti iyi.

Zvimorevei kuchengeta mutemo wekuzvibata? Sei mutemo uyu wakakosha kudai?

Eksodo 20:14 (Bhaibheri, Testamente Yekare)

Zvirevo 6:27–32 (Bhaibheri, Testamente Yekare)

Tito 2:11–12 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Aruma 39:3–5 (Bhuku raMormoni, peji 384)

3 Nifai 12:27–30 (Bhuku raMormoni, peji 544;
onawo Mateo 5:27–30 muTestamente Itsva)

“Mhuri: Chiziviso kuNyika” (Vashumiri kana nhengo yeCheschi vanokwanisa kukubatsira kuwana kopi chinyorwa ichi uye chibhuku che*True to the Faith* uye che*For the Strength of Youth*, zvakanorwa pazasi. Unokwanisawo kuzviwana paidaneti pawww.mormon.org.)

“Chastity,” *True to the Faith*

Ndingakwanise sei kuwana simba randinoda kuti ndichengete mutemo wekuzvibata?

1 VaKorinte 10:13 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

Mosaya 4:29–30 (Bhuku raMormoni, peji 195)

Aruma 38:12 (Bhuku raMormoni, peji 384)

Chibhuku che*For the Strength of Youth*

Chii Chandinofanira Kuita?



- Ramba uchiverenga Bhuku raMormoni.

Zviverengo zvakapihwa: _____

- Rarama mutemo wekuzvibata. Namatira rubatsiro mukuchengeta murairo uyu.

- Enda kucheche musu weSvondo uno.

- Ramba uchigadzirira rubhabhatidzo.

Dheti rerubhabhatidzo: _____

- Enda kuwww.mormon.org kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro peChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira.

- Ramba uchisangana nevashumiri kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro pevhangeri rakadzorerwa.

Dheti nenguva yekusangana kunotevera: _____

Mazita nenhamba dzerunhare dzevashumiri:

CHECHI
YAJESU KRISTU
YAVATENDI
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

www.mormon.org

Vanhu Vakaita Mifananidzo

Mufananidzo wekavha yepamberi wakabva panewe *Munzwei*, naSimon Dewey. © Simon Dewey
Peji 6, *Muponesi*, naDel Parson. © Del Parson
Mapeji 2, 5, 9, 10, 13 naCraig Diamond
©2012 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa
kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 11/05. Mvumo yeDudziro:
11/05. Dudziro yeChastity, Shona. 01203 731

SHONA



4

02012 03731

7

01203 731